

Chè Rezidan New York,

Achte yon machin, menm lè li nèf oubyen li ize, se toujou ak kè kontan. Se yon gwo kou li ap ye pou kanè bank lan, lè ou pran anba yon "sitwon" yon machin ki pa ka mache byen epi se yon gwo desepsyon.

Isit la nan New York, New and Used Car Lemon Laws (Lalwa sou garanti machin nèf ak machin ki itilize deja) ofri yon remèd pou machin ki fenk achte men ki pa mache jan garanti a te di a.

Ti liv sa dekri nan ki sikonstans yon moun ki gen machin kalifye pou li jwenn èd anba New York's Lemon Laws (Lalwa sou garanti machin ki ap mal mache). Ou kapab jwenn plis enfòmasyon, Ki gen ladan sa pou ou fè etap pa etap, kesyon yo poze toutan ak yon kopi lalwa a, sou sit entènèt nou an — oubyen rele liy dirèk nou an pou mande voye kopi yo pou ou.

Sensèman,

Letitia James

Pwokirè Jeneral
New York
Letitia James

Resous

Si ou kwè ke machin ou an se yon "lemon" epi konsesyonè a pa vle kowopere, ou ka swa antre nan yon pwosesis abitraj ak biwo pwokirè jeneral eta New York la oubyen kòmanse yon pwosè nan tribinal sivil. Sit entènèt nou an genyen enfòmasyon ou bezwen pou reponn sou kesyon ou yo epi ou ka kòmanse yon abitraj, oubyen ou ka rele liy dirèk nou an pou mande voye fòmilè aplikasyon an pou ou.

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York lan, Biwo kont Fwod pou Kliyan

(800) 771-7755

ag.ny.gov/consumer-frauds/lemon-law

Remak Enpòtan:

Genyen eksepsyon - anba lwa pou ni machin "lemon" nèf ak ize, kliyan ka pa jwenn ranbousman lajan si:

- Pwoblèm nan pa afekte valè machin nan pou konsomatè a;
- Pwoblèm nan se rezilta abi, neglijan oubyen kliyan ta modifiye machin nan san otorizasyon. Si gen yon pwoblèm di sa, Anrejistre tout ti detay
- Menm lè machin nan ta nèf ou ize, li pi bon pou ou siyale byen rapid nenpòt ti pwoblèm, domaj oubyen defayans bay konsesyonè a epi mande tout reparasyon ki nesesè yo. Si kliyan te avèti konsesyonè a gen yon pwoblèm pandan peryòd garanti a, konsesyonè a dwe fè reparasyon an menm si garanti an ta vin ekspire.
- Kenbe dosye chak plent, ak kopi tout kòmand travay, fakti ak korespondans, ki genyen ladan li Imèl ak apèl.

Nouyòk la Lwa sitwon

Konnen dwa ou



Biwo Eta New York
Pwokirè Jeneral la
Letitia James



Pou Machin Nèf

Nouvo lwa sou machin 'lemon' yo pwoteje moun ki ap achte oubyen lwe machin nèf oubyen motè ki se yon "lemons" sitwon. Si machin ou an pa konfòm ak tèm garanti ki ekri a epi konsesyonè otorize a oubyen fabrikan pa kapab ranje machin nan aprè plizyè tantativ, ou ka gen dwa jwenn yon ranbousman oubyen yo ranplase machin nan.

REMAK: Yo konsidere ke yon machin nèf se lè li te achte nan mwens ke 2 lane aprè dat livrezon orijinal la e li gen mwens ke 18,000 miles sou li.

Machin Lwa a pwoteje gen ladan machin ki:

- Te achte, lwe oubyen transfere anvan 18,000 miles yo oubyen de lane aprè dat livrezon orijinal la; EPI
- Te achte, lwe oubyen transfere nan Eta New York la OUBYEN li anrejistre nan Eta a; EPI
- Li te sitou itilize pou rezon pèsònèl.

Devwa pou fè reparasyon:

Yon chans rezonab pou fabrikan oubyen ajan otorize a fè reparasyon pou yon pwoblèm pou yon machin nèf konsidere kòm:

- Kat oubyen plis tantativ pou ranje yon pwoblèm ki ap pèsiste; OUBYEN
- Machin nan pa sèvi akòz reparasyon youn oubyen plis pwoblèm pou yon total omwen 30 jou. Kontakte Department of Motor Vehicles (Depatman Veyikil a motè) nan (518) 474-8943 Si ou ap jwenn pwoblèm pou ou fè reparasyonnan.

Pou Machin Ize

Used Car Lemon Law (Lwa Lemon pou machin Ize) a pwoteje moun ki achte oubyen lwe machin ize nan men yon konsesyonè New York. Li mande pou konsesyonè a bay kliyan yon garanti ekri. Anba garanti sa, konsesyonè a dwe ranje, gratis, nenpòt domaj nan pyès ki anba garanti a. Si konsesyonè a pa kapab ranje machin nan aprè yon valè tantativ rezonab, kliyan dwe kapab jwenn ranbousman li nèf.

REMAK: Sèlman machin ki achte nan men yon konsesyonè New York (Yon moun oubyen yon biznis ki vann omwen 3 machin 12 mwa ki pase yo) ki anba lwa sa. Lavant prive pa ladan.

Machin Lwa a pwoteje gen ladan machin ki:

Te achte, lwe oubyen transfere anvan 18,000 miles yo oubyen de lane aprè dat livrezon orijinal la; EPI

- Te achte oubyen lwe nan men yon konsesyonè New York; EPI
- Te peye oubyen lwe yon valè ki omwen \$1,500, EPI
- Machin nan gentan kouri preske 100,000 miles depi aprè li te achte /lwe a; EPI
- Li te sitou itilize pou rezon pèsònèl.

Devwa pou fè reparasyon:

Yo konsidere ke yon chans rezonab pou ranje pwoblèm nan dwe:

- Twa oubyen plis tantativ pou ranje yon pwoblèm ki ap pèsiste; OUBYEN
- Machin nan pa sèvi akòz reparasyon youn oubyen plis pwoblèm pou yon total omwen 15 jou oubyen plis (si yo paka jwenn pyès tan sa ka plis).

Egzijans Garanti:

Lalwa mande konsesyonè machin yo pou bay yon garanti ekri pou kouvri pyès sa yo:

- Motè: pati grese yo, ponp dlo, ponp gaz, manifol, blòk motè, tèt silenn, keson motè ak volan.
- Transmisyon: bwat transmisyon, pati entèn, ak konvètisè kouplè.
- Aks: devan an ak dèyè esiyè keson ak pyès entèn, aks rasin, rasin elis ak jwenti inivèsèl.
- Fren yo: silenn prensipal, vakyòm silenn fize, Liy idwolik ak ekipman ak disk fren kalipè.
- Volan: bwat kouvèti volan an ak tout pati entèn yo, ponp direksyon, valv, piston ak etajè.
- Lòt pati: Radyatè, Altènate, Jeneratè, Sistèm demaraj (eksepte batri a).

Terms of Warranty

Valè tan garanti a depann de milyaj machin nan aprè lè li te achte a epi se valè tan li fè nan men ou an ki detèmine li.

Plis pase 18,000 - 36,000 miles:
90 jou oubyen 4,000 miles

Plis pase 36,000 - mwens pase 80,000 miles
60 jou oubyen 3,000 miles

80.000 - 100.000 miles
30 jou oubyen 1,000 miles